# Нобэ Урысей печатым и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№2 (24.284) ● 2022 гъэм щIышылэм (январым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысей печатым и махуэм и щIыхькIэ а IэнатIэм щылажьэхэм зэрехъуэхъур

ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Фи IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ – Урысей печатым и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Журналист IэщIагъэр щытащ икIи къонэж ди жылагъуэм къалэн нэхъыбэ щызыгъэзащIэхэм, гъэщIэгъуэнхэм, щIэупщIэ зиIэхэм ящыщу. Фэ зэпымыууэ фыхэтщ къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я курыкупсэм, республикэми къэралми исхэм я псэукIэр сыт и лъэныкъуэкIи къывогъэлъагъуэ, социальнэ, экономикэ гугъуехьхэм нахуэу фытопсэлъыхь, цIыхухэр зыгъэпIейтей упщIэхэм жэуап ивот. Абы къыдэкIуэуи фи лэжьыгъэм жэуаплыныгъэшхуэ фхэлъу фыбгъэдохьэ, журналисткэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм – пэжыр къэгъэлъэгъуэнымрэ зы Iуэху еплъыкIэми зыдемыгъэхьэхынымрэ, хъыбарыр псынщIэу, и чэзум зэбгрытыкIыным - фытетщ.

Си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ фхузощI хьэлэлу фызэрылажьэм, фи IэщIагъэм фызэрыхуэпэжым папщIэ.

Фщыщ дэтхэнэми и Iэзагъым, и Iуэху еплъыкIэм куэдкIэ елъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрыщыхъуну щIыкIэр, республикэм и жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр. Шэч къытесхьэркъым фи журналист къалэнхэр щIыхь пылъу дяпэкIи зэрывгъэзэщIэнум, ди жылагъуэр зэщIэгъэуIуэным жыджэру яужь фызэритынум, цIыхухэр фIым, зэкъуэтыныгъэм къызэрыхуевджэнум.

Узыншагъэ быдэ фиIэну, зэIузэпэщу фыпсэуну, творческэ лъагапIэщIэхэм фынэсыну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым ифI зыхэлъ Iуэхухэр къывэхъулIэну си гуапэщ.



## Къэрэшей-Шэрджэсыр илъэсищэ ирокъу

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид ехъуэхъуащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ.**

«Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ щIыналъэм исхэмрэ сохъуэхъу ягъэлъапIэ Iуэху дахэмкIэ – КъШР-р къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъумкIэ. Нобэ хуэдэ махуэр республикэм щыпсэухэм я дежкIэ зэхэгъэкIыпIэ ину щытащ, мыхьэнэшхуи иIащ я къэкIуэнур зыхуей хуэзэу убзыхуа хъунымкIэ. Къэрэшей-Шэрджэсым къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, блэкIа лIэщIыгъуэр абы щыпсэухэм я дежкIэ купщIафIэу щытащ экономикэм, псэукIэм, щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ. Нобэ а щIыналъэр лъэ быдэкIэ тетщ, гъащIэр зэрыщефIакIуэр нэрылъагъуу», - щитхащ КIуэкIуэ Казбек Инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым.

«Дэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр, хуабжьу дыщогуфIыкI къуэш республикэм и ехъулIэныгъэхэм. Си фIэщ мэхъу абы щыпсэухэм я лэжьыгъэм иджыри Iуэхугъуэф1 куэд къызэрыпэкIуэнур. Апхуэдэуи лIэщIыгъуэкIэрэ къадэгъуэгурыкIуэ зэгурыIуэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ щапхъэ яхуохъу ди къэралым и лъэпкъхэм. Къэрэшей-Шэрджэсым ис цIыхухэм сехъуэхъуну сыхуейщ узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыныгъэ яIэну, я лъахэр, Урысей псом яфI зыхэлъ Iуэхугъуэ щхьэпэхэр къадэхъуну», - итхащ КIуэкIуэм.

## «Омикрон» штаммым егъэгузавэ

**КIуэкIуэ Казбек Москва щыIущIащ федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я къулыкъущIэхэм. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу а зэIущIэхэм зи гугъу щащIар лъэпкъ проектхэр щагъэзащIэкIэ зэрызэдэлэжьэнум, Къэбэрдей-Балъкъэрым и инфраструктурэ зыужьыныгъэм аргуэру мылъку къыхуаутIыпщынымкIэ зэгурыIуэныгъэхэр зэщIылIэным теухуа упщIэхэрщ.**

АПХУЭДЭУ республикэ унафэщIым гулъытэ хэха зыхуищIхэм ящыщщ коронавирусым и штамм лIэужьыгъуэщIэм зэрызиужьым къыхэкIыу щIыналъэм эпидемие щытыкIэр щекIэкIуэнымкIэ шынагъуэ къэмыгъэхъуным зыхуэгъэхьэзырыным.

- «Омикрон» штаммыр нэхъ къатемыхьэлъэу цIыхухэр игъэсымаджэу къалъытами, куэдкIэ нэхъ псынщIэу зеубгъу. Абы къыхэкIыу сымаджэщхэм щIэлъхэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэнум къиищынэмыщIауэ, амбулаторэхэмрэ поликлиникэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я къалэныр куэдкIэ нэхъыбэ хъунущ. КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ щысщIащ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэр къапэщылъ лэжьыгъэм хуагъэхьэзырыну, апхэдэуи госпиталхэмрэ амбулаторэхэмрэ зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрагъэпэщыну, - жиIащ **КIуэкIуэ Казбек**.

Республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIащ коронавирус узыфэ зэрыцIалэр зыпкърыт сымаджэхэу амбулаторэ кIэлъыплъыныгъэм щIэтхэр хущхъуэкIэ тэмэму къызэгъэпэща мыхъумэ, а Iуэхум мылъку щхьэхуэ хухахыным елэжьыну. Абы ипкъ иткIэ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэр коронавирус узыфэ зэрыцIалэм и «омикрон» штаммым зэрыпэщIэтынум теухуауэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. «Ди къару псори етхьэлIэн хуейщ узыфэ зэрыцIалэ шынагъуэм зэрызедмыгъэубгъуным, сымаджэхэм узыр зэращхьэщытхыным. АбыкIэ жэуаплыныгъэшхуэ къыдохуэ дэтхэнэ зы медицинэ IуэхущIапIэми и унафэщIым», - жиIащ министрым.

Узыфэ зэрыцIалэхэмкIэ КИФЩI-м штатым хэмыт и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ **Иуан Маринэ** къигъэлъэгъуащ европей къэралхэмрэ США-мрэ а узыфэм щигъэсымаджэхэм я бжыгъэр зыхуэдэр икIи жиIащ «омикрон» штаммыр зыпкърытхэр хуэдитIкIэ зэрынэхъыбэр. «Шэч хэлъкъым амбулаторэхэмрэ поликлиникэхэмрэ я лэжьыгъэр нэхъ гугъу зэрыхъунум икIи я закъуэ пэмылъэщмэ, дэIэпыкъуэгъуи зэрыхуэныкъуэнум. Урысейм и щIыналъэхэм я мурадщ клиникэ ординаторхэмрэ медицинэ еджапIэхэм я студентхэмрэ а Iуэхум къыхашэну», - жиIащ абы.

КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и декан **Мизиев Исмэхьил** къыхигъэщащ ординатор, студент 2500-м щIигъу лэжьыгъэм хашэфыну зэрыщытыр. Апхуэдэу КъБКъУ-м и медицинэ колледжымрэ «Призвание» колледжымрэ я унафэщIхэу **Пщыбий Светланэрэ Щоджэн Мадинэрэ** жаIащ я студент 2000-м нэблагъэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъуфынур.

Сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ я унафэщIхэм фIыщIэ ящIащ я лэжьыгъэр къыщагъэпсынщIэнымкIэ зэрызыкъыщIагъакъуэр икIи дохутыр IэщIагъэр къыхэзыха ныбжьыщIэхэм я къалэнхэр зыхуэдэнкIэ хъунухэр къагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу студентхэр сэбэп щыхъуфынущ колл-центрхэм, регистратурэхэм, дохутырхэм я дэIэпыкъуэгъуу лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэзэщIэфынущ. Абы ипкъ иткIэ, сымаджэхэм зэман нэхъыбэ трагъэкIуэдэфынущ.

ЗэIущIэм хэтахэм къыхагъэщащ вакцинэр цIыху нэхъыбэм зыхрагъэлъхьэныр коронавирусым упэщIэтынымкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

## Узыншагъэращ нэхъапэр

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджэ ныбжьыщIэхэм ковид узыр зыщIэкIахэм ядэIэпыкъу, зэрыуэзэрыбг хъуа психоузыншагъэр зэтес щIыжыным хуэунэтIа лабораторэ къызэIуахынущ. Апхуэдэ хъыбар иджыблагъэ къитащ КъБКъУ-м и сайтым.**



КъБКъУ-м щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Хьэшыр Светланэ егъэджэныгъэмкIэ, психологиемкIэ, Iэпкълъэпкъыр зыузэщI щэнхабзэмрэ спортымкIэ къудамэм и «Уникум» гупымрэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр колледжым и щIэныгъэхутэ хасэмрэ хэтхэм иджыблагъэ яIущIащ. Абдеж щытепсэлъыхьащ икIи кууэ щызэпкърахащ лабораторэр зэлэжьынум, абы къалэн зыщищIыжынухэм, щIалэгъуалэр зыпэрыувэну IэнатIэм кърикIуапхъэхэм. ЖыIэн хуейщ мыпхуэдэ Iуэхугъуэр «Ипэ игъэщыпхъэхэр-2030» къэрал программэм ипкъ иткIэ къызэрызэрагъэпэщыр.

«Уникум» гупым и унафэщI, магистрант Тхьэгъэпсэу Жанетэ зэIущIэр къыщызэIуихым, къеблэгъахэм фIыщIэ яхуищIри, ковид узыфэр зыщIэкIахэр гугъу зэрехьыр, зэуэ зэрызэтемыувэжыр, абы къыхэкIыу ахэр щIэгъэкъуэн зэрыхуэныкъуэр и псалъэм къыхигъэщащ. «Мы Iуэхугъуэм кIуэрабгъу пыухыкIахэр, бгъэдыхьэкIэ гъэнэхуахэр иIэу щыткъым. Абы къыхэкIыу дэ методикэ къэхутэныгъэхэр едгъэкIуэкIыну къытпэщылъщ. Ауэ, пэжыр аращи, апхуэдэ лабораторэ дыхуэныкъуэщ. Психологие дэIэпыкъуэгъу хъу IуэхущIапIэхэр дуней псом куэд щIауэ щолажьэ, дэри абы дыхуэмыкIуэнкIэ Iэмал имыIэу щытыкIэ дихуащ».

ЩIалэгъуалэм щIэныгъэ унэтIакIуэу яIэнущ психологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу Багъ Риммэрэ Нэгъуей Будимиррэ.

«ЦIыхубэ жэрдэмым нобэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Утыку къифлъхьэ Iуэхугъуэр си щхьэкIэ гъэщIэгъуэн къысщохъу. Пандемием цIыхур игъэгужьеящ, узыфэр зыщIэкIахэм я къарур щIэх зэтеувэжыркъым, я узыншагъэмрэ псэлъынтхуэмрэ фIыуэ йохуэх. Зи узыншагъэр зэщхьэщыхуа хъуа цIыхур дэIэпыкъуэгъу зэрыхуэныкъуэм шэч хэлъкъым. ФIы дыдэ хъунут ковид нэужьым цIыхур зэфIэгъэувэжынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъу лабораторэ къыфхузэгъэпэщатэмэ. УнэтIакIуэ хъарзынэхэр щыIэщ. Фелэжь, дэри тлъэкI къэдмыгъанэу зыфщIэдгъэкъуэнщ», – жиIащ Хьэшыр Светланэ.

ЩIэныгъэлIым ныбжьыщIэхэм чэнджэщ куэд яритащ Iуэхур зэрырахьэжьэну щIыкIэм теухуауэ. «Псом нэхърэ нэхъапэр проектыращи, къызэщIэубыдапхъэхэр къыщылъытауэ ар вгъэхьэзыри, къывдэлэжьэну хуей цIыху зыбжанэ къефшалIэ, фепсэлъылIэ, факIэлъыплъ. Абы иужькIэ гу зылъыфтахэр щIэныгъэ лэжьыгъэу утыку къифлъхьэжи, цIыхухэр евгъэкIуэкI Iуэхум щывгъэгъуазэ», – иущияща Хьэшырым щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр.

ЩIэныгъэхутэ ныбжьыщIэхэм зэрыжаIамкIэ, «Стресс здэщымыIэ еджапIэ» проектымкIэ «Мэшыкъуэ» щIалэгъуалэ форумым хэтащ, къыщыхэжаныкIри грант къахьащ. Мысыхьэтк1э проектыр хъарзынэу мэлажьэ, зеубгъу. Сабийхэм, адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм я психоузыншагъэр зытетыр къэхутэныр, зэхахымрэ ялъагъумрэ зэрызыхащIэр, абы дэтхэнэри зэрыхущытыр зэхэзыгъэкI а къэхутэныгъэ хьэлэмэтым куэд къызэрыпэджэжари къыхагъэщащ.

Ар щызэхихым, проректорым къэхутакIуэ ныбжьыщIэхэм гу лъаригъэтащ УФ-м ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм студент зэгухьэныгъэхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм я урысейпсо зэпеуэ зэрыригъэкIуэкIынум, абы къыщыхэжаныкIхэм гранту сом мелуанитхум нэблагъэ къахьыну Iэмал зэрыщыIэм. «Сыт хуэдэ жэрдэм тщIыми, утыкум сыт хуэдэ гупсысэ къитлъхьэми, абы щIэныгъэр тегъэщIапIэу иIэн хуейщ. Ар зэи зыщывмыгъэгъупщэ. Фэ иджыпсту зызэфпщытар цIыхум и узыншагъэм епха Iуэхугъуэхэрщи, ар джэгуалъэкъым, жэуап зэрыфхьыр зыдэфщIэжу IэнатIэм фыпэрыхьэ», – жиIащ Хьэшырым.

ЩIэныгъэхутэ зэгухьэныгъэхэмрэ хасэхэмрэ я унафэщIхэм щIышылэм и 25 пщIондэ зэрылэжьэну программэм и проектыр ягъэхьэзырыну, текIуэдэну ахъшэмрэ ар зыхуахыну Iуэхугъуэмрэ убзыхуауэ абы къыщагъэлъэгъуэну пщэрылъ ящищIащ Хьэшыр Светланэ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

● Редактор нэхъыщхьэм и псалъэ

## ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

***Нобэ Урысей печатым и махуэщ. Ар щагъэлъапIэ щIыпIэ куэдым ди къэралым япэ дыдэу илъэс 319-рэ ипэкIэ газет къыщыдэкIыу зэрыщыщIидзам и хьэтыркIэ.***



А МАХУЭ лъапIэм ирихьэлIэу дэри дызэрыгушхуэн диIэщ - 2022 гъэм дытехьащ «Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэхэм я бжыгъэм процент 15-кIэ хэхъуауэ. Ар ди дежкIэ ехъулIэныгъэщ, иужь илъэс зыбжанэм абыхэм хэщI зэпытурэ зэрекIуэкIар къэплъытэмэ.

Ди щIэджыкIакIуэхэм къахэхъуэжын зэрыщIидзам, шэч хэмылъу, лъэр щIегъэкI. Абы щыгъуэми дэ зыри хэдгъэзыхьакъым икIи делъэIуакъым «Адыгэ псалъэм» Iэ традзэну – дызыхущIэкъуари дяпэкIэ дызытетынури адыгэм теухуа хъыбархэр адыгэ унагъуэм анэдэлъхубзэкIэ яIэрыхьэн зэрыхуейр къагурыдгъэIуэнырщ. Ар Iэмал имыIэу япэ игъэщын хуей Iуэхугъуэхэм ящыщщ, ди щIэблэр хамэбзэмрэ хамэ зэхэтыкIэмрэ егъэлеяуэ зэрыдихьэхар, абыхэм Iэпхлъэпх зэращIар къэплъытэмэ. Нэхъапэм къалэдэс сабийхэм анэдэлъхубзэр зэрамыщIэм дигъэпIейтейуэ щытамэ, иджы лъэпкъри, хабзэри, зэхэтыкIэри, бзэри щахъумэ къуажэхэм а гужьеигъуэр къэсащ. Дэр дыдэри, нэхъыжьхэр, хамэ гупысэкIэм дызэщIищтащи, къытхэкI хъуащ анэдэлъхубзэм елIалIэурэ я быныр гугъу ирамыгъэхьын папщIэ абы ирамыгъэджэну лъэIу тхылъхэр зытххэр. ИкIи ахэр ягъэщIэхъуркъым. Анэдэлъхубзэм фIэкIа апхуэдэ щытыкIэ гугъу ирагъэува зы предмети нобэрей школым щыIэкъым – ухуеймэ бджыну, ухуэмеймэ IэщIыб пщIыну. Хамэбзэхэри, есэпри, биологиери, физикэри, адрейхэри - Iэмалыншэщ, анэдэлъхубзэр - узэрыхуейщ. ЩIэныгъэ куури, мылъку бжыгъэншэри, къулыкъу лъагэри сыт и мыхьэнэж, Алыхьталэм къыпхуигъэфэщауэ уи анэм къыбдилъхуа бзэм уи щIыб хуэбгъэзарэ хамэм уахэзырыхьыжамэ?! Адыгэ гупсысэ иIэу адыгэр дунейм тетыпхъэщ. Адыгэ псалъэр щыIун хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми. Ирехъу ар езыхэр иризэпсалъэу, радиомрэ телевизорымрэ къиту, газетхэм, журналхэм, тхылъхэм къраджыкIыу. Зи анэдэлъхубзэр зыщIэм, лъэпкъ гупсысэ зиIэм, хабзэм, нэмысым, зэхэтыкIэм тетым и гъащIэ гъуэгур кIыхьщ икIи бгъуэщ. Апхуэдэращ ехъулIэныгъэ зиIэнури къыдэпсэу адрей лъэпкъхэм яхуэфэщэн пщIэ хуэзыщIыфынури. Зи анэдэлъхубзэр IэщIыб зыщIам хэти иригъэкIуэтэкIыфынущ.

«Адыгэ псалъэ» газетым щытредгъадзэм хуабжьу гуапэ тщыхъуащ щIэблэр гъэсэнымкIэ куэдкIэ дызыщыгугъ егъэджакIуэхэр быдэу къызэрыткъуэувар. Республикэм анэдэлъхубзэр щезыгъэдж цIыху 200-м щIигъу къызэщIэзыубыдэ «Адыгэбзэм и гупсэхэр» зэгухьэныгъэм хэтхэм ди газетым традза къудейкъым, атIэ я ныбжьэгъухэм, Iыхьлыхэм, ирагъаджэхэм гурагъаIуэ «Адыгэ псалъэр» зыIэрыбгъэхьэныр укъызыхэкIа лъэпкъым узэрыхуэпэжым и нэщэнэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр. ФIыщIэ щхьэхуэ хуэфащэщ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэми. Абы щылажьэхэм фIы дыдэу къагурoIуэ зы IэнатIэ дызэрыпэрытыр, зы Iуэхум дызэригъэпIейтейр. Псори дызыхущIэкъур адыгэ псалъэр адыгэ унагъуэ къэс щыгъэIунырщ, адыгэр адыгэбзэкIэ псалъэу, гупсысэу къызэтегъэнэнырщ.

Дызытехьэ илъэсыщIэм и гугъу пщIымэ, дэ адэкIи дыхущIэкъунущ дунейм, къэралым, щIыналъэм къыщыхъу псори анэдэлъхубзэкIэ ди щIэджыкIакIуэхэм ябгъэдэтлъхьэну. Псалъэф щIэзыдза сабийм щегъэжьауэ зи ныбжь хэкIуэтахэм я деж щиухыжу яфIэхьэлэмэтын ди газетым сыт щыгъуи тыдодзэ дяпэкIи абы дыхущIэкъунущ. Муслъымэн диныр зыIыгъхэм, политикэм, экономикэм, щэнхабзэм, спортым дихьэххэм, хамэ къэралхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа хъыбархэр, газетеджэхэм яфIэхьэлэмэтын куэд дыдэ адэкIи къытеддзэнущ.

Гъэ дызыхуэкIуэм и япэ илъэс ныкъуэм къаIэрыхьэн хуэдэу Iэ тезымыдзэфахэм хъыбар ядогъащIэ сыт щыгъуи ар бгъэзэкIуэж зэрыхъунур. АрщхьэкIэ апхуэдэхэм газетхэр щаIэрыхьэнур мазэкIэ нэхъ гувауэ щIидзэнущ. Къапщтэмэ, щIышылэм (январым) къриубыдэу тезыдзэхэм мазаем (февралым) щыщIэдзауэ хуахьынущ. ТедзапщIэр, дауи, нэхъ мащIэнущ.

Ди щIэджыкIакIуэхэм гу лъатауэ къыщIэкIынщ иужь лъэхъэнэм «Адыгэ псалъэм» и теплъэми купщIэми зэхъуэкIыныгъэхэр зэригъуэтам. Куэдым ягу ирихьауэ хъыбар къыдагъащIэ газетыр щхъуэкIэплъыкIэ зэрыхъужар, щэбэт къыдэкIыгъуэхэр зэрыщIэщыгъуэр, тхыгъэ кIыхьххэр IэщIыб зэрытщIар, нэгъуэщIхэри. Дэ дяпэкIи дызытелэжьэнур газетеджэхэр яIэрыдгъыхьэ хъыбархэмкIэ арэзы тщIынырщ, нэгъуэщI щIыпIэхэм ар къыщамылъыхъуэу. Ар ди лъэпкъым ехьэлIа сыт хуэдэ Iуэхуи щрет!

КъищынэмыщIауэ, интернетым и Iэмалхэри зыубгъуауэ къыдогъэсэбэп. «Адыгэ псалъэм» и электрон къыдэкIыгъуэхэр махуэ къэс дунейм къытохьэ, хъыбарыщIэхэр щIэх-щIэхыурэ къитлъхьэу. Дэнэ щIыпIэм ущыIэми абыхэм напIэзыпIэм зыхэбгъэгъуэзэфынущ apkbr.ru хьэрфхэр къэпщыпмэ. А псом ищIыIужкIэ «Адыгэ псалъэр» къыщыбгъуэтыфынущ ди газетым и япэ напэкIуэцIым и лъабжьэ дыдэм къытетдзэу щIэддза электрон хэщIапIэхэм, фыкъытхуэтхэнуи Iэмал хъарзынэхэр щыIэщ.

Ди газетым и лэжьакIуэхэр зи IэщIагъэм хуэIэижь защIэщ, адыгэбзэ дахэ яIурылъэрэ, хабзэрэ нэмысрэ ядэплъагъуу. НэгъуэщIу щытын хуейкъым лъэпкъым и хъыбарегъащIэу, ущиякIуэхэм ящыщ зыуэ щыт гупыр. Гуныкъуэгъуэу диIэр зыщ – дуней псор зыгъэгулэз уз зэрыцIалэм и зэранкIэ цIыхухэм хуиту дахуэзэну, ди щхьэкIэ дызэрыщIэну Iэмал дызэримыIэрщ. АрщхьэкIэ, Тхьэм жиIэмэ, абыи дыпэлъэщынщ – апхуэдэ куэд ЩIы Хъурейм игъэващ!

ИлъэсыщIэ дызытехьэм дэтхэнэ зыми дохъуэхъу щIэгузэвэнрэ щIэпIейтейнрэ ямыIэу узыншэу, гукъеуэншэу ар ирахьэкIыну. Адрей гъэхэр абы сыт илъэныкъуэкIи ефIэкIыжыну!

*Нобэрей ди къыдэкIыгъуэм и ещанэ напэкIуэцIыр хухэтхащ адыгэ газетым илъэс куэдкIэ псэхьэлэлу хуэлэжьэу пенсэм кIуауэ иджы зызыгъэпсэхухэм. Узыншагъэ яIэу Тхьэм куэдрэ дяпэ иригъэт!*

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Курп лъагапIэхэм дэкIащ



2-нэ нап.

Мазэм «къикIахэр» ди хьэщIэщ

2-нэ нап.



ТхакIуэ, журналист КIэбышэ Лилэ

3-нэ нап.



Шы лъэпкъыщIэ

4-нэ нап.



Куэд щIауэ зыпэплъа ухуэныгъэ

4-нэ нап.



# Курп лъагапIэхэм дэкIащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 79-рэ щрикъум ирихьэлIэу УФ-м и ДОСААФ-м и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэр Курп лъагапIэхэм дэкIащ.**

МЫ Iуэхугъуэр хабзэ хъуауэ 1999 гъэ лъандэрэ къызэрагъэпэщ, абы къыхыхьэ цIыхухэм я бжыгъэри кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Курп лъагапIэхэм иджы дэкIахэм ДОСААФ-м и лIыкIуэхэм къищынэмыщIауэ, хэтащ Тэрч щIыналъэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм, КъБР-м дзэм дэкIхэм я Iуэхур зезыгъакIуэ комиссариатым я лэжьакIуэхэр, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и цIэр зезыхьэ къэхутакIуэ, «Кавказ гъунапкъэ» гупхэр, Налшык къалэ щыIэ къэзакъ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр, ди хэгъэгум ит курыт еджапIэхэм щIэс ныбжьыщIэхэр.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр Инарыкъуей къуажэм дэт Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр здэщыт щIыпIэм къыщрагъажьэри, километрищ зи кIыхьагъ маршкIэ Курп лъагапIэхэм кIэрыхьащ. УкъызэщIэзыIэтэ Iуэхугъуэм кIуэрыкIуэм тету къуажэдэсхэри къыхыхьэурэ лъагапIэм дэкIащ.

Нэхъыжьхэм къыхалъхьа Iуэхугъуэр и кIэм щынэсым, «ЛIыгъэм и дерс» зыфIаща зэIущIэ купщIафIэхэр ныбжьыщIэхэм драгъэкIуэкIащ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# Ди хадэхэкIхэр ягу ирохь



**Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэкI хадэхэкIхэр зыпащI щымыIэу сыт щыгъуи къокIуэкI - ирехъу ар нащэ, бэдрэжан, къэбыстэ... Иужьрей илъэсхэм а хадэхэкI лIэужьыгъуэхэм къахэхъуэ зэпыту йокIуэкI.**

НЭХЪАПЭМ ди щIыналъэм и дуней щытыкIэм зыкIи къемызэгъыу щыта куэдыр иджыпсту фIэщщIыгъуейуэ ди мэкъумэш IэнатIэхэм яхуобагъуэ. Абыхэм ящыщщ китай къэбыстэмрэ къэбыстэ гъагъэмрэ.

«Россельхознадзор» ФГБУ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центрым хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ зы мазэм къриубыдэу ди щIыпIэм къыщагъэкIа китай къэбыстэу тонн 250-м, кIэртIофу тонни 170-м я щытыкIэр къапщытащ. Ахэр Урысейм и щIыналъэ щхьэхуэхэм ирагъэшэнущ, абы къыхэкIыу фитосанитар мардэхэм сыт и лъэныкъуэкIи къезэгъыу щытын хуейщ. Къапщтэмэ, китай къэбыстэм и закъуэ ди къэралым и щIыналъэ 13-м ирагъашэ: Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Москва, Ленинград, Ярославль, Новгород Ищхъэрэ, Воронеж, Киров, Самарэ, Краснодар щIыналъэхэм, Удмуртием, Мордовием, Тэтэрстэным.

IэщIагъэлIхэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэкIа китай къэбыстэм къыпэхъун щымыIэу къабзэщ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# Я къалэныр егугъуу къэрахьэлIэ

**Илъэсыщ1эм щIэращIэу техьащ Головко, ПащIэм, Лермонтовым я уэрамхэм, Хъуранымрэ Горькэмрэ, Хъураным и уэрамымрэ Балъкъэр уэрамымрэ я зэхэкIыпIэхэм къат куэду зэхэту тет «хрущёвка» унэхэм ящыщ куэдыр.**

ИЛЪЭС тIощIырыпщI зыбжанэ хъуауэ зыхуей хуамыгъэза унэхэм я унащхьэхэр зэрахъуэкIащ, псы пыжыпIэщIэхэр хуащIащ, унэ лъабжьэм къыщыщIэдзауэ унащхьэм нэсыху къагъэщIэрэщIэжащ.

ЩIымахуэр уэсыншэу икIи хуабэу зэрекIуэкIым и фIыгъэкIэ ухуэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр 2021 гъэм и дыгъэгъазэм нэмысу зэфIагъэкIащ. Абы къыдэкIуэу зыхуей хуагъэзащ унэ бжэIупэхэри, лъэс зекIуапIэхэри. Хуабэу екIуэкI мы махуэхэм коммунальнэ хозяйствэхэм я лэжьакIуэхэм зэIузэпэщ ящIа фэтэр куэду зэхэт унэхэм я бжэIупэхэр зыгъэдахэ клумбэхэр гъатхэм хуагъэхьэзыр: Iуву зэщIэкIа къуацэхэр ирахащ, щIыр щIэрыщIэу иракIутэри ягъэщэбэжащ, гъатхэхуэкIуэу япэ удз гъэгъахэмрэ щхъуантIагъэхэмрэ зэрыхасэным хуэдэу. Абы къыдэкIуэу жыг щхьэкIэхэри яухъуэнщIащ.

Щхьэкъэ1эт ямыIэу къабзагъэм толажьэ «Экологистика» щIыналъэ операторым и лэжьакIуэхэри. ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу контейнерыщIэхэр зэрагъэуврэ, цIыхухэми унэхэм я хъуреягъыр куэдкIэ нэхъ къабзэу зэрахьэ хъуащ. ЩIышылэм и 13-м иужькIэ абыхэм я къалэным къыхэхъуэнущ унэхэм къыщIахыж псейхэр Iушынри. НэгъуэщI къэралхэм я щапхъэм тету, илъэс зыбжанэ хъуауэ ахэр щхьэхуэу зэхуахьэсри ягъэс, сэбэпынагъ ин зыхэлъ уэздыгъей, псей яжьэр щIыгъэпшэр папщIэу къагъэсэбэп.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Дунейм щыхъыбархэр

## Пенсэхэм хагъахъуэ





**Путин Владимир къызэрыхилъхьам тету, щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ процентi 8,6-кIэ хагъахъуэ пенсэхэм.**

«ИЛЪЭС кIуам уасэхэм хуэдгъэфэщам нэхърэ нэхъыбэкIэ хэхъуащ икIи цIыхухэм я ахъшэм къыщIэкIыу щытам хуэдиз къахуэщэхужыркъым. Абы къыхэкIыу, инфляцэр зэрыщытам нэхърэ нэхъыбэ яхущIыдгъун хуей хъунущ ди цIыхухэм я пенсэхэм. А бжыгъэр процентi 8,6-м нэсын хуейуэ къыдолъытэ», - жиIащ Путин Владимир.

Къэрал унафэщIым зэрыжиIамкIэ, инфляцэр процентi 8,4-щ зэрыхъуу щытар, ауэ абы щIыгъун хуейуэ игъэуващ. Путиным Правительствэм зыхуигъэзащ пенсэхэм яхущIыгъуным ехьэлIа Iуэхухэр нэхъ псынщIэу зэфIагъэкIыну.

ФедерацэмкIэ Советым Социальнэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Бибиковэ Еленэ зэрыжиIамкIэ, пенсэхэм ику иту хущIагъунущ сом 1400-рэ. Абы теухуа законыр дызэрыт мазэм къащтэфыну къызэрилъытэри къыхигъэщащ сенаторым.

## Зиплъыхьынут, уаер градус 40-м щIигъуми

**КъухьэпIэ Сыбырым щыIэ Ямало-Ненецкэ автоном округым щыщ, илъэс 21-рэ зи ныбжь щIалэр тундрэм махуиплIкIэ итащ. Абы гъэщIэгъуэну зыри хэмылъ хуэдэу къыщыхъунт, щIыIэр градус 40-м щIигъуу щымытамэ.**

ПУРОВ районым иIэ Пякутэ гуэлым зыплъыхьакIуэ кIуэну щIышылэм и 6-м ежьащ ар, уэс щытелъым деж уризекIуэным хуэщIа и машинэм ису. Ауэ мэз Iувым пхыкIрэ пэт и уэсырыкIуэр къутащ. КъегъэлакIуэхэм япэплъэу щымысыну мурад ищIри, и пхъэ лъэрыжэхэм теувэри ежьащ. Ежьа щхьэкIэ, жылэм хуэкIуэж гъуэгур фIэкIуэдри гъуэщащ. И телефоныр лэжьэхукIэ ар и Iыхьлыхэм епсэлъащ, здэщыIэр зэримыщIэри ягуригъэIуащ.

И Iыхьлыхэм къегъэлакIуэхэм зыхуагъэза нэужь къэлъыхъуэн щIадзащ. Борэнт, уаети, лэжьыгъэр абы нэхъри гугъу къищIырт. «Ямалспас» IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэмрэ «Лиза Алерт» зэгухьэныгъэм и волонтёрхэмрэ махуиплIкIэ къалъыхъуащ цIыхухъур икIи, и унагъуэми езыми я насыпти, псэууэ къагъуэтыжащ. Ар и къуажэм километр 55-кIэ пэжыжьэ хъуат. БгъэщIагъуэ хъунухэм ящыщщ ар медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ зэрымыхъуари.



## ЩIышылэм и 13, махуэку

♦**Урысей печатым и махуэщ.** УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ. 1703 гъэм Пётр Езанэм и унафэкIэ къыдэкIащ «Ведомости о военных и иных делах» урысейпсо газетым и япэ номерыр.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм ящыщу геолог IэщIагъэр япэу зэзыгъэгъуэта, Ставрополь щIыналъэм газ куэду зыщIэлъ щIыпIэ къыщызыгъуэта **Гуэщокъуэ Хьэсэнбий**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Уэрдокъуэ Женя**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 2, жэщым градуси 7 - 6 щыхъунущ.

## ЩIышылэм и 14, мэрем

♦**МахуэгъэпсыжьымкIэ ИлъэсыщIэм и япэ махуэщ**

♦**1921 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ къэрал библиотекэ.

♦**1580 гъэм** къалъхуащ адыгэпщ, Урысейм и къэрал лэжьакIуэ, дзэ къулыкъущIэ **Черкасский Дмитрий (Къанщауэ)**.

♦**1890 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **ЩакIуэ Талъостэн**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шэвлокъуэ Валентин**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, уэрэджыIакIуэ **Уэтэр Анатолэ**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Емуз Нинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 5 - 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

## Гупыр зыгъэгупыр гуп и уасэщ.

# ЦIыхугъэмрэ щIэныгъэмрэ зэIэпэгъуу

**Дыгъэгъазэм и 24-м къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирикъуащ адыгэ тхыдэ щIэныгъэм и жьантэдэсу, нобэ лъэпкъыр щIэгушхуэ тхыдэджхэм я егъэджакIуэу щыта Нало Евгение Жамырзэ и пхъур.**



ЗИ ГУАЩIЭМРЭ цIыхугъэ зэчиймрэ гъащIэ гъуэгу дэгъэзеигъуэм къыпхызыха Нало Женя Аруан щIыналъэм хыхьэ Хьэтуей къуажэм Нало Жамырзэрэ Мэрзейхэ япхъу Хьэжгуащэрэ я унагъуэм дунейм къыщытехьащ. Абы и адэ Жамырзэ Къэбэрдейм революцэм ипэкIэ иса хьэрычэтыщIэхэм язт. 1918 - 1920 гъэхэм екIуэкIа Граждан зауэм ар хэтащ большевикхэм я лъэныкъуэр иIыгъыу. Къулыкъумрэ мылъку къэугъуеин къалэнымрэ здихь зэпытурэ къекIуэкIа Жамырзэ Хьэтуей къуажэ советым и унафэщIу щытащ, ревкомми, «Югзаготзерно» гъавэ хъумапIэми щылэжьащ. 1924 гъэм къулыкъу псори иутIыпщыжри, Жамырзэ зыщыпсэу къуажэм чырбышрэ кхъуэщынрэ щащI, сэху къыщыщIагъэкI завод щиухуауэ щытащ, щхьэлым щекIуэкI лэжьыгъэхэми и гуащIэ хилъхьэу.

Уи нэ зытехуэ, пщIэ зыхуэфащэ цIыху зэзэгъыу щымыта, гурыщхъуэкIэ гъэнщIа лъэхъэнэжьым хиубыда Нало Жамырзэ япэу тутнакъэщым щрадзар 1929 гъэрщ. ИужькIэ «Кавказ Ищхъэрэм щыщ бзаджищ» зыфIащыжахэм я унафэкIэ, щэкIуэгъуэм и 30-м Нало Жамырзэ илъэсийкIэ ягъэтIысри, и мылъкури зэрыщыту трахауэ щытащ. 1933 гъэм къаутIыпщыжщ, 1937 гъэм аргуэру ягъэтIысыжри, щэкIуэгъуэм и 17-м лажьэ зимыIэ лIы псэуакIуэр яукIащ. Налохэ ящыщ куэд политикэ IуэхукIэ ягъэкIуэдауэ щытащ а зэманым.

И адэр япэу ягъэтIысын ипэ, 1929 гъэм Нало Женя Хьэтуей къуажэ школым щеджэрт. Жамырзэ тутнакъэщым щрадза щэкIуэгъуэм и 30 нэужьым, унафэр къэзыщта «бзаджищым» я лей зехьэным къыщIагъуащ: «Нало Жамырзэ Къубатий и къуэр илъэсийкIэ концлагерым исыну тезыр телъхьэн, и унагъуэр Ипщэ крайм егъэшэн, и мылъкур къэтхьэкъун».

Зыкъомрэ Хьэжгуащэрэ абы ипхъухэу Женя, Нэфо, Фэрдаус, и къуэ Адэлджэрий сымэ Жамырзэ и къуэш нэхъыжь Мыхьэмэт (ар хэти фIыуэ ицIыху адыгэ усакIуэ, щIэныгъэлI, тхакIуэ Нало Заур и адэрат) и деж щыпсэуащ.

Унагъуэр хэкум ирашыну унафэ къызэрыдэкIар къащIа нэужь, псори зэгъусэу щIэпхъуэжу Таджикистаным зыщагъэпщкIуну мурад ящI. Абы нэхъ пасэу кIуауэ зыщигъэпщкIурт Жамырзэ и къуэ Аслъэнджэрий. Япхъу нэхъыжь Лейла абы щыгъуэ Абазэ Мысост и щхьэгъусэти, илъэс 21-м иту зэшэзэпIэу къытехуэри, дунейм ехыжат. Арати, Мысост щхьэгъусэу иратащ Жамырзэ ипхъу, Женя и шыпхъу Нэфо. Нало Мыхьэмэтрэ Абазэ Мысострэ унагъуэр Таджикистаным яшэри ирагъэтIысхьащ. Зэман дэкIри, а щIалитIри ихьащ къэралым щекIуэкI залымыгъэм: 1937 гъэм Мысост яукIащ, Нало Мыхьэмэт илъэси 10-кIэ къыздимыкIыжыну лагерым яшащ.

Сталинабад (иджы - Душанбе) ущыпсэуну нэхъ тынштэкъым, итIани, Ипщэ лъэныкъуэм нэхърэ нэхъыфIт. Къуий и щIыIу гуэрэфу, зэман докIри, унагъуэр хуабэ узымрэ ерыскъыншагъэмрэ зэщIеубыдэ. МэжэщIалIагъэмрэ хуабэ узымрэщ зэрылIыкIар Женя и дэлъху нэхъыщIэ Адэлджэрий.

Нало Жамырзэ зэрагъэтIысу, абы къыщхьэщыжакIуэ хуэхъуат граждан зауэм къыдыхэта и большевик ныбжьэгъухэр. Тэрч, Аруан районхэм щыщ къуажэ 12-м щыпсэухэм ягу ихужатэкъым 1921 гъэм ахэр Жамырзэ ерыскъыншагъэм къызэрыригъэлар. Ахэр СССР-м и Президиумым и ЦИК-м елъэIуахэщ Жамырзэ яухеижыну. А лъэIу къомым япкъ иткIэ 1934 гъэм къаутIыпщыжа Женя и адэм 1935 гъэм унагъуэр Кавказым къишэжри къэкIуэжащ, ипхъухэу Женярэ Фэрдаусрэ Орджоникидзе къалэм къыдинэри.

Нало Евгение а зэманым Шэшэн-Ингуш педтехникумым щоджэ, иужькIэ Шэшэн-Ингуш индустриальнэ техникумым зрегъэдзыж. 1936 - 1937 гъэхэм Налохэ я унагъуэ зыбжанэм аргуэру цIыхугъэкIуэд уэщым закъытрешащIэ. Женя и адэм тезырыщIэ къытралъхьэри, зи гугъу тщIа цIыхуищым я унафэкIэ яукI. А шынагъуэ дыдэр Налохэ зэрыунагъуэу къащхьэщохьэ.

1937 гъэм Нало Женя техникумыр къимыухыу, Сталинабад егъэзэжри, Шевченкэ Тарас и цIэр зезыхьэ пединститутым тхыдэмкIэ и факультетым щIотIысхьэ. Илъэс фIэкIа абы щемыджауэ, хъыджэбзым аргуэру лейзехьэхэм я нэ къытохуэри, бзэгузехьэхэм я зэранкIэ институтым щыдакъузэн щIадзэ. 1940 гъэм институтым и директорым и ней къыщыхуа нэужь, Женя абы къыщIокIыжри, Мэзкуу къэрал университетым и юридическэ факультетым и етIуанэ курсым щIотIысхьэ. А илъэс дыдэм «лъэпкъым и бийм» и пхъур университетым къыщIадзыж. Арати, хъыджэбзым Орджоникидзе къалэм егъэзэжри, Осетие Ищхъэрэ пединститутым тхыдэмкIэ и факультетым и еплIанэ курсым щIэныгъэм щыпещэ.

1941 гъэм Нало Евгение пединститутыр къиухауэ, тхыдэмкIэ егъэджакIуэу Алагир районым хыхьэ Црау къуажэм щолажьэ. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Алагир гъунэгъу къызэрыхуэхъуам къыхэкIыу, 1942 гъэм хъыджэбзым Орджоникидзе егъэзэжри, къалэ кIуэцIым щекIуэкI щIытI лэжьыгъэхэм хеубыдэ.

1942 гъэм аргуэру бзэгузехьэхэм я зэран къокI Женя. Абы иджы «нэмыцэ шпион» фIащри, тутнакъэщым ирадзэ. Куэд дэмыкIыу, хъыджэбзым пцIы къызэрытралъхьар къыщIощри, 1943 гъэм гурыщхъуэ закъуи темылъу къаутIыпщыж.

1945 - 1948 гъэхэм Женя щолажьэ СОАССР-м и Министрхэм я Советым ЩэнхабзэмкIэ и IуэхущIапIэм. ЕтIуанэ IэщIагъэу юридическэ щIэныгъэр зригъэгъуэтын папщIэ, ар Орджоникидзе дэт Союзпсо юридическэ институтым щIотIысхьэри (заочнэу), ар 1947 гъэм къеух.

1948 гъэм Налохэ я пхъум Къэбэрдей АССР-м, Налшык къегъэзэжри, Къэбэрдей пединститутым тхыдэмкIэ и кафедрэм и ассистенту ягъэув. 1950 гъэм накъыгъэм и 9-м хъыджэбзыр аргуэру ягъэтIыс, «совет хабзэм пэщIэувэ къыхуеджэныгъэ зэрыригъэкIуэкIымкIэ» ягъэкъуаншэу, илъэсий тезыр телъу тутнакъэщым ирадзэ.

Сталин Иосиф дунейм ехыжа нэужь, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм 1953 гъэм гъатхэпэм и 23-м къыдигъэкIа унафэм икъ иткIэ цIыху куэд тутнакъэщым кърагъэкIыжат. Зэрысымаджэм къыхэкIыу къаутIыпщыжахэм яхиубыдащ жьэн уз зэуэлIа Нало Жени. АрщхьэкIэ къуаншэу зыкъэзымылъытэж цIыхубзым къикIыжын идакъым, зэрыщыту гурыщхъуэр кIэрагъэбзыкIыжыным трикъузэу.

Арати, захуагъэм гугъэ хэзымыхыжыф бзылъхугъэ щIалэм СССР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и цIэкIэ тхыгъэ етх, и Iуэхур къызэрекIуэкIар, пцIы къызэрытралъхьар хуиIуэтэжу. Министрым хуагъэзэн папщIэ, хъыджэбзыр Мэзкуу яшэри, бэлыхьыщIэм хадзэ. СССР-м и МВД-м и министр Круглов С. Н., къэралым и ней зыщыхуахэм ебэнынымкIэ психиатрием къэзыгъэсэбэпу щыта Лунц Д. Р. сымэ яхуэза нэужь, Нало Евгение совет гупсысэкIэм зи акъыл темыхуэхэр зыщIаубыдэ, зи акъылым имытыжу пцIы зытралъхьэхэр щаIыгъ сымаджэщым ирагъашэ. Ар имыдэу, шхэн щызыгъэта Женя карцерым - тутнакъхэр нэхъ гугъу щрагъэхь къудамэм - ирадзэ. 1953 гъэм аргуэру лагерым яшэж. Хъыджэбзым тепыIэ имыIэу унафэщIхэм захуегъазэ зэрымыкъуаншэр къыщIигъэщын и мураду, ауэ 1956 гъэм къыщIаутIыпщыжыр «и узыншагъэм зэрыхуэмыхьым къыхэкIкIэщ».

Жьэн уз гуащIэ зэфыкI Женя и Iыхьлыхэм къахыхьэжын щимыдэм, хъыджэбзыр хуит ящI Абхъазым, Сыхъум щыпсэуну. 1956 - 1964 гъэхэм Нало Женя Сыхъум дэсащ, фэтэр хьэху щиIыгъырэ дэн-бзэным хэпсэукIыу.

Апхуэдизу зэхэзедзэн зэрыхъуам хуэдэу, Женя зы махуи игу ихуртэкъым и IэщIагъэмкIэ лэжьэн щIидзэжын хъуэпсапIэр. Хрущёв Никитэ и лъэхъэнэм къэрал хабзэр нэхъ хуит щыхъуа зэманым абы къэрал лIыщхьэхэм захуигъазэри, Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI Ворошилов К. Е. иригъэблэгъащ. Абдежщ лъэпощхьэпохэм имыгъэдзыха цIыхубзым и макъыр щызэхахар.

1964 гъэм Мэзкуу къикIа унафэкIэ Нало Евгение IуэхугъуитIым хагъадэ: Налшык пединститутым щиIыгъа IэнатIэм ягъэувыж (а зэманым ар КъБКъУ хъуакIэт) е аспирантурэм щIагъэтIысхьэ. Илъэс 45-рэ зэрырикъуам хуэдэу, Евгение аспирантурэр къыхихащ.

1969 гъэм Нало Евгение и IэнатIэм, СССР-м революцэм и пэ къихуэ и тхыдэмкIэ кафедрэм и ассистенту мэлажьэ. 1970 гъэм ар мэхъу а кафедрэ дыдэм и егъэджакIуэ нэхъыжь. ТхыдэмкIэ факультетым щезыгъэджахэм Нало Евгение хуэдэу пщIэшхуэрэ Iулыджрэ зиIа яхэтакъым жысIэмэ, сыщыуэну си фIэщ хъуркъым. ЩIэныгъэр гунэсу къызэрыббгъэдилъхьэфым нэмыщI, абы студентхэм бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэтыфырт, седжарэт жыпIэу уищIырт, а псори и егъэджакIуэ зэчийм фIэкIа нэгъуэщIым иупхыфынукъым. Женя и фIыгъэщ нобэ адыгэ тхыдэр зыдж щIэныгъэлI лъэрызехьэхэр зэрыдиIэр, зыми хуумыгъэдэфын Къэжэр Валери, мы тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIри ящыщщ Налом ижь зыщIихуа, тхыдэ факультетым и студентхэм. Абы иригъэджахэм тхыдэмкIэ докторхэр, кандидатхэр, щIэныгъэрылажьэхэр бжыгъэншэу къахэкIащ.

Зэрыригъаджэм хуэдэурэ, Женя щIэныгъэ лэжьыгъэхэри Iэпэдэгъэлэл ищIыртэкъым. 1973 гъэм абы и диссертацэр пхигъэкIри, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуауэ щытащ.

1992 гъэм Нало Евгение Жамырзэ и пхъур доцент мэхъури, 1995 гъэм ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа кафедрэм ягъэув. Абы къыдэкIуэу, Женя щригъаджэрт а зэманым къызэIуахагъащIэ юридическэ факультетым къэралыгъуэмрэ хабзэмкIэ и кафедрэм.

2000 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м и узыншагъэм къызэримыхьыжым къыхэкIыу, Нало Евгение лэжьапIэм къыIукIыжауэ щытащ, псори зэхэту илъэс 63-рэ лэжьауэ. 2007 гъэм гъатхэпэм и 7-м ар дунейм ехыжащ.

Гъэунэхугъуэ гугъухэмкIэ гъэнщIа гъащIэ къызэринэкIащ Нало Евгение. 2018 гъэм абы и гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэсыжа «ЦIыху узыщI щIэныгъэ» тхылъыр къыдэкIауэ щытащ. Тхылъым ихуа хъыбархэм зэгуэр романхэр, фильмхэр тращIыкIыжыну яхуэфащэщ. А гукъэкIыжхэр я щыхьэту къоув XX лIэщIыгъуэм Совет СоюзкIэ зэджэ къэралышхуэм щекIуэкIахэм. Апхуэдиз гугъуехьым пхыкIа Нало Евгение и цIыху сурэтыр ихъумэфащ. Абы игури и псэри етат цIыхум лей епх зэрымыхъунур зи лъабжьэ щIэныгъэм зегъэубгъуным. Сыт хуэдэ зыужьыныгъэми и мардэр езы цIыхурщ. Женя ищIами, итхами, жиIами ар къыхэщу псэуащ. А лъэныкъуэмкIэ Нало Евгение гущIэгъур зи тегъэщIапIэ щIэныгъэм и лэжьакIуэ фIэпщыну хуэфащэщ.

**МЭРЗЕЙ Аслъэнбэч,**
*тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыжь.*

# Мазэм «къикIахэр» ди хьэщIэщ



**Тэтэрстэным къикIыу Налшык къеблэгъа «Легкие крылья» уэрамыщхьэ театрым Абхъазым и утым пщIэншэу спектакль гъэщIэгъуэнхэр щегъэлъагъуэ.**

ИЛЪЭСЫЩIЭ псейкIэ гъэщIэрэщIа утыр щIышылэм и 10, 12 пщыхьэщхьэхэм Iыхьэлейуэ нэфIэгуфIэт, сабийхэм я дыхьэшх макъ жьгъырур дэнэкIи къыщыIурт. Дакъикъэ зыбжанэкIэ нэхъ мыхъуми, балигъхэми таурыхъ дахэ гуэрым къыщыхутауэ зыкъалъытэжырт.

Я фащэкIи, зыщIыкIэкIи, джэгукIэкIи зэкIужу ди пащхьэ къихьа гуп дахэр дэ дызэмыса, ухуейрамэ, ди щIыналъэм щыпсэу куэд зэи зримыхьэлIащ.

Спектаклым зэрыхэтымкIэ, актёрхэр Мазэм къикIа хуэдэт, теплъэ хьэлэмэтыщэхэри яIэт. Абыхэм яхэтт зи дамэхэр иныщэ хьэндырабгъуэ, унафэщI Iэзэ, дзыгъуэ жыджэр цIыкIу, бадзэ тхьэIухуд, илъэсыщIэ ажэгъафэхэр, нэгъуэщIхэри.

Абыхэм, Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ, къыздэкIуа щIыр зрагъэцIыхуну, цIыхухэм нэхъ гъунэгъу зыхуащIыну я къалэнт. ИкIи къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ. Нэхъ цIыкIу дыдэм деж щегъэжьауэ абдеж къекIуэлIа псори ягъэджэгуащ, я гушыIэ, зыщIыкIэ хьэлэмэтхэмкIэ дэтхэнэри къыдахьэхащ.

«Платформа» арт-залым и унафэщI, «Лёгкие крылья» гупыр къезыгъэблэгъа Шыхъуэстэн Оксанэ зэрыжиIамкIэ, гупыр цIыху 20-щ зэрыхъур, ауэ абыхэм я гушыIэ теплъэгъуэхэмкIэ цIыхухэм я гукъыдэжыр къаIэт, сабийхэм гуфIэгъуэшхуэ яIэу зэбгрокIыж.

Гупым ныщхьэби (щIышылэм и 13-м) зыкъагъэлъэгъуэнущи, гупыж зыщI псори нэгузыужь зэхыхьэм фрагъэблагъэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



*«Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэм, абы и ныбжьэгъуфIхэм илъэситI дэкIмэ дгъэлъэпIэнущ япэ номерыр дунейм къызэрытехьэрэ илъэсищэ зэрырикъур.*

*ЛIэщIыгъуэм къриубыдэу газетым щызэблэкIащ цIыхуищэхэр - хэти илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ, хэти и гъащIэ гъуэгур абы ирипхри, IэщIагъэм илъэсипщI бжыгъэкIэ хуэпэжащ. Шэч зыхэмылъыращи, дэтхэнэми лъэкI къигъэнакъым лъэпкъ газетыр купщIафIэу, екIуу, дунейм, къэралым, республикэм щекIуэкI Iуэхушхуэхэр, цIыхухэм я гурыгъу-гурыщIэхэр къигъэлъагъуэу къыдэкIын папщIэ. Урысей печатым и махуэр щыдгъэлъапIэ щIышылэм и 13-м ирихьэлIа къыдэкIыгъуэм щыщ мы напэкIуэцIыр тедухуащ я къару, щIэныгъэ, зэфIэкI емыблэжу лъэпкъым хуэлэжьауэ иджы зызыгъэпсэху ди нэхъыжьыфIхэм.*

*«Адыгэ псалъэм» и мащIэкъым ар псыпэ махуэ зыхуэхъуахэри - щIэныгъэми, егъэджэныгъэми, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэми пщIэ къыщыхуащIу нобэ IэнатIэ щыпэрытхэр. Газетым и «гъэсэн» дызэрыгушхуэхэм яхэтщ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэри, зи зэфIэкIыр УФ-м и нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщалъытахэри, къэрал гулъытэ лъагэхэр зыгъуэтахэри. Абыхэми, газетым и къежьапIэ дыдэм деж щытахэми, ахэр гъуэгугъэлъагъуэ зыхуэхъуахэми ятеухуа тхыгъэхэр, гукъэкIыжхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ къытеддзэну ди мурадщ «Адыгэ псалъэр» илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу».*

# ДифI догъэлъапIэ

## ЖьантIэр зылъыс Елгъэр Кашиф

**Республикэм и мызакъуэу, ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу щIыналъэхэми, къэралым и нэгъуэщI щIыпIэ куэдми фIыуэ къыщацIыху тхакIуэщ Елгъэр Кашиф. ЦIыхугъэшхуэ, хабзэ, нэмыс, гущIэгъу зыхэлъ адыгэлI щыпкъэу зэрыщытми щыгъуазэщ ар зи нэIуасэ псори.**



ЕЛГЪЭР Кашиф Мысост и къуэр 1935 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт школыр 1955 гъэм къиуха нэужь, Кашиф щIэтIысхьащ Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым. ЩIэныгъэфI игъуэтауэ 1960 гъэм къигъэзэжри, 1964 гъэ пщIондэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм редактору щылэжьащ. 1965 гъэм Елгъэрыр «Ленин гъуэгу» газетым (иджы «Адыгэ псалъэщ») къэуващ икIи щытхъу иIэу илъэситхукIэ щылэжьащ. Хэлъэт зиIэ журналист щIалэр, литературэм зэфIэкI хъарзынэхэр къыщызыкъуэзыхынкIэ узыгъэгугъэр 1970 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым ирагъэблагъэ. Абы и къудамэм и унафэщIу илъэсиблкIэ лэжьауэ, 1977 гъэм журналым жэуап зыхь и секретару ягъэув. 2008 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэсиплIым щIигъукIэ «Iуащхьэмахуэм» и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ - Елгъэрыр.

Институтым щIэсу къытрадзэн щIадзауэ щытащ Кашиф и япэ усэхэр. 1960 гъэм адэжь щIыналъэм къэкIуэжу лэжьэн зэрыщIидзэрэ, Кашиф и къарури и гуащIэри трегъэкIуадэ псэуныгъэм и мыхьэнэр, цIыхум гъащIэм щиубыд увыпIэр, абы и зэфIэкIыр къихутэным. И къалэмым къыщIэкI тхыгъэхэмкIэ ар цIыхухэм ядогуашэ. Езыр зыхэпсэукIа зэманыр тынш дыдэу зэрыщымытар къигъэлъэгъуэным, цIыхупсэми цIыхубэ гъащIэми щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм бгъэдыхьэкIэ узыншэ зэрыхуейм гулъытэр хуиунэтIыным елIалIэ зэпытущ Елгъэрыр зэрытхэр.

Елгъэрым и япэ тхылъыр, «Дыгъэр къыщыщIэкIым» зыфIищар, 1958 гъэм къыдэкIащ. Абы лъандэрэ Налшыки Москваи дунейм къыщытехьащ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ 30-м нэблагъэ. Абыхэм ящыщщ «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым», «ЩIэдзапIэ», «ГугъапIэ», «Псыгуэж», «ПщэдджыжьхьэщIэ», «Ухеймэ, улъэщщ», «Бгыхэм я жьауэ», «Щым и набдзэ», «Лъэужьхэр», «Гъуэгуанэ кIыхь», «Си псэм и щIасэу си лъэпкъ мащIэ», «Песня у водопада», «В долине нарзанов», «Ночное солнце» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. 1988 гъэм дунейм къытехьащ Елгъэр Кашиф и «Щыуагъэ» романыр.

ТхакIуэм и творчествэм увыпIэшхуэ щеубыд нэгъуэщIыбзэкIэ ятхахэр зэдзэкIынми. Апхуэдэщ урыс классикхэм, Украинэм, Абхъазым, нэгъуэщI щIыналъэхэми я усакIуэхэм, тхакIуэхэм, драматургхэм я тхыгъэхэу газетхэм, журналхэм къытехуахэри тхылъ щхьэхуэу къыдэкIахэри. Литературэ тхыгъэхэм нэмыщI, КъурIэн лъапIэмрэ Мухьэмэд бегъымбарым и гъащIэм, и IуэхущIафэхэм ятеухуауэ Пановэ Верэрэ Вахтин Юрийрэ ятха тхылъымрэ адыгэбзэм къригъэзэгъащ.

Елгъэрым и усыгъэ куэд нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэкIи къыдэкIащ. Ди литературэм, журналистикэм, щэнхабзэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр, «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» орденыр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр къратащ.

Елгъэр Кашиф тIысыжауэ зегъэпсэху, ауэ тхакIуэ Iэзэм и къалэмыпэр нэхъ жан хъу фIэкIа, къэланджэркъым. Абы къыхэхъуащ ныбжьым къыздихь Iущыгъэр, щIэныгъэр, Iэзагъыр.

Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм 2019 гъэм къыщыдэкIащ «Си псэм и щIасэу си лъэпкъ мащIэ» («Мой малый род, любезный сердцу») тхылъыр. Ар урысыбзэкIэ зэридзэкIащ Мэремкъул Ларисэ. Кашиф къызыхэкIа лъэпкъым апхуэдизу кууэ, гугъэзагъэу, гунэсу тетхыхьащи, щхьэхуимыту уетхьэкъу и хъыбар къэIуэтэкIэм.

А тедзапIэ дыдэм абы къыкIэлъыкIуэу къыщыдэкIащ къэбэрдей литературэм и жьантIэдэс Елгъэр Кашиф и лэжьыгъэщIэ: «Си гъуэгуанэхэр, е ЗекIуэ и вакъэ лажьэркъым» тхылъыщIэр. Абы и цIэм адыгэ псалъэжь цIэрыIуэр лъабжьэ хуэхъуащ. Гъуэгу теувам IэнэщIу, къуентхъыншэу къызэримыгъэзэжырщ абы и мыхьэнэр. Илъэс блыщIым щIигъуащ Елгъэр Кашиф журналистикэм, литературэм зэрыхэтрэ. Гъуэгуанэ куэдрэ тетащ икIи лэжьакъым и вакъэр, «къуентхъынши» хъуакъым - цIыху куэдым я пщIэ, лъэпкъым къыбгъэдэкI щIыхь къилэжьыфащ. ДяпэкIи и гуащIэ мыкIуэщIу, тхылъыщIэхэмкIэ дигъэгуфIэу псэуну ди гуапэщ.

## ТхакIуэ, журналист КIэбышэ Лилэ

**Газетым жылагъуэ гъащIэмкIэ и къудамэм и корреспонденту илъэс куэдкIэ лэжьащ КIэбышэ Лилэ. Ар Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Лашынкъей къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт школым иужькIэ Москва дэт Литературэ институтым прозэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьэри, ар къиухащ. 1985 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым корреспонденту кърагъэблагъэри, щIэджыкIакIуэхэр дэзыхьэх тхыгъэхэр игъэхьэзыру илъэс куэдкIэ лэжьащ.**

ГАЗЕТЫР зыIэрыхьэхэм ягу дыхьэ, ахэр зыгъэпIейтейхэр нэгъэсауэ щызэпкърыха темэ куэд къиIэтырт КIэбышэм, «Адыгэ бзылъхугъэ» зыфIища напэкIуэцIыми езым и щIэджыкIакIуэхэр иIэжт. Хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, унагъуэшхуэхэм я гуащэ адыгэ бзылъхугъэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэ къэрал лэжьакIуэ, хабзэм и хъумакIуэ, гуащIэдэкIым и лIыхъужь куэд щIэджыкIакIуэхэм яригъэцIыхуащ Лилэ. Къуажэдэсхэр зыгъэпIейтей Iуэху куэдми теттхыхьащ ар икIи щIэджыкIакIуэхэр къыхуэарэзыуэ къыпэджэжащ.

- ЦIыхухэм я къекIуэкIыкIам укIэлъыплъыным и мызакъуэу, щIэджыкIакIуэхэм ар щапхъэ дахэ яхуэхъуныр, дэтхэнэ зы гъащIэми щхьэпэ гуэр къыхахыныр гъэщIэгъуэнкъэ-тIэ, - жеIэ Лилэ, и IэщIагъэр къыщIыхихам щытепсэлъыхькIэ. - Жылагъуэ гъащIэр, цIыхухэм я зэхущытыкIэхэр унэтIыным теухуауэ къалэнышхуэ я пщэ къыдохуэ журналистхэм. Ар лэжьыгъэ гугъущ, жэуаплыныгъэшхуи зыпылъщ. Ар нэсу зыхэпщIэу щытын хуейщ газетым ущыщылажьэкIэ. Лъэпкъ журналистикэм япэ лъэбакъуэхэр щыщысчауэ щыта зэманым и гугъу щысщIкIэ, гуапэу сигу къокIыж Шырыт СулътIанрэ Бекъул Токъанрэ (я ахърэтыр нэху Тхьэм ищI). Абыхэм я псалъэ дахэр, я чэнджэщ Iущхэр гъуэгугъэлъагъуэ схуэхъуауэ щытащ.

КIэбышэр Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым хэтщ. И лэжьыгъэфIым папщIэ ар мызэмытIэу ягъэпэжащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я союзым и саугъэтым и лауреатщ.

Корреспондентым и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр зэригъэзащIэм къыдэкIуэу, Лилэ зыхуеджа тхакIуэ IэщIагъэми къыщигъэлъэгъуащ и зэфIэкI - абы рассказхэр, повестхэр иту тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ. Ахэр удэзыхьэх сюжет яIэу гъэпсащ, укъимыутIыпщ жыхуаIэм хуэдэу укъоджэ. ЩIэджыкIакIуэхэм псом хуэмыдэу гунэс ящыхъуахэм ящыщщ «Бахъсэн аузым пшагъуэр щхьэ



щытщ» повестыр, «Къысхуэгъэгъу», «БлэкIам есщIэнур сыт?», «Мазэр щыхьэту», «Нэлат», «Къигъэзэжащ» рассказхэр. Ахэр къытехуащ «Iуащхьэмахуэ» журналым, «Адыгэ псалъэм», щIыналъэхэм къыщыдэкI газетхэм.

ЦIыхухэр нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхухэрщ Лилэ и тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъур. ГъащIэм зыщыIущIа цIыхухэм я зэхэтыкIэу, езым и нэгу щIэкIа Iуэхуу къыпщохъу абы и тхыгъэхэр зытеухуахэр икIи арауэ къыщIэкIынщ ахэр бэм гунэс щIащыхъури.

Газетым зэрыIукIыжрэ илъэс зыбжанэ хъуами, Лилэ щIэх-щIэхыурэ къопсалъэ, дызэрощIэ, тхыгъэхэр къытхуигъэхьурэ газетым къыхутыдодзэ. Ди гуапэщ узыншэу, и Iуэху ефIакIуэу куэдрэ псэуну.

**ТхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, литературэдж цIэрыIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм хэт Къэрмокъуэ Хьэмид ящыщщ адыгэ литературэм и мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми Кавказ Ищхъэрэми я щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм.**

## ЛъэпкъылI щыпкъэ Къэрмокъуэ Хьэмид

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1937 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыщалъхуащ. 1955 гъэм ар щIэтIысхьащ Къэбэрдей къэрал пединститутым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм икIи зыхэсхэм фIыкIэ къахэщу еджащ. ЩIалэ гурыхуэм 1964 гъэм къиухащ университетым и адыгэбзэ кафедрэм епха аспирантурэри. Апхуэдэ зыхуагъэлъагъуэр зырызыххэу, еджапIэ нэхъыщхьэм къыщагъэнэжу бзэщIэныгъэм зритыну чэнджэщ кърaтами, Хьэмид нэхъ кууэ дэзыхьэха Iуэху иIэт абы щыгъуэ - и гъащIэр литературэм ирипхыныр и гуращэт. Университетым щылэжьами, абы щIэныгъэлI Iэзэ къыхэкIыну зэрыщытам зэманыр щыхьэт техъуащ - литературэм и зыужьыкIэр зэпэлъытыным, къыдагъэкIа тхылъхэр зэпкърыхыным теухуа и лэжьыгъэхэм, эссехэм, критикэ тхыгъэхэу Хьэмид иIэхэм я бжыгъэр къэлъытэгъуейщ икIи зы диссертацэтэкъым абыхэм къахэпхыфынур. А псор къэплъытэмэ, куэд щIащ Къэрмокъуэм щIэныгъэхэм кандидат, доктор цIэхэр къызэрилэжьрэ, диссертацэхэр пхигъэкIыни хуэмейуэ.

Курыт лIэщIыгъуэхэм я тхыдэм къыхэщ лIыхъужь щыпкъэхэм - лIыхъусэ (рыцарь) жыхуаIэхэм - ар куэдрэ хуагъадэ Хьэмид и цIыху щIыкIэм, и дуней тетыкIэм щыгъуазэхэм. КхъуэIуфэ Хьэчим Хьэмид шу закъуэм ирегъэщхь. «Шу закъуэр цIыху зи жагъуэ, гуп хэмыхьэ гуэру аракъым. И закъуэу къикIухьыну, гъуэгу жыжьэ зэпичыну мышынэ лIыхъу жиIэу аращ абы кърагъэкIыр. ЗыщIыпIи зыщимыущэхуу, щIыпIэ зэгъуэкIи, цIыху нэгъуаджэхэм я кIуапIи къапимыкIухьу, и занщIэ и гъуэгуу здежьамкIэ кIуэцIрыкIыу - апхуэдэущ зэрыплъагъур. Зи закъуэу гъуэгуанэшхуэ техьэ зекIуэлIыр къызыкъуэгушхукIыр, абы игурэ и щхьэрэ щIызэтелъыр и шым и зэфIэкIымрэ езым бгъэдэлъ лIыгъэр зыхуэдизымрэ ещIэжри аращ», - щыжеIэ Хьэчим Къэрмокъуэм теухуауэ итхауэ щыта, «Шу закъуэ» зыфIища эссем.

Бэм яхуэщхьэпэныр и щхьэ Iуэхум япэ иригъэщуц Хьэмид псоми зэрытцIыхур. Адыгэ литературэр ипэкIэ гъэкIуэтэным, ар лъэпкъ нэхъ зызыужьахэм ейхэм я лъагапIэм нэгъэсыным и гуащIэ емыблэжу илъэс 60-м щIигъукIэ хуэлэжьа, бзэщIэныгъэлIхэм, литературэджхэм нобэми я чэнджэщэгъу Къэрмокъуэм игурэ и щхьэрэ зэтелъми, и щIэныгъэм куэд дыдэ къиубыдми, ар хуэхейщ зыщытхъужын, зыкъыфIэщIыжын псалъэхэм къитIасэ хьэлщэнхэм икIи ахэр пхуехьэлIэнукъым, апхуэдизкIэ щэныфIэщ, нэмысыфIэщ, цIыху зэтеубыдащи.

Лъэпкъ литературэм Къэрмокъуэр къыхыхьауэ къэплъытэ хъунущ университетым щыщIэса зэманыр. 1963 гъэрщ тетыр абы и япэ тхылъым - сабийхэм яхуитха таурыхъхэр зэрытым. Абы



лъандэрэ къыдигъэкIа сыт хуэдэ тхылъми щIэупщIэшхуэ яIэщ. Ахэр цIыхухэм щIаIэщIэлъым щхьэусыгъуи иIэщ - щIэджыкIакIуэхэр дэзыхьэхын итщ, зыгъэпIейтей упщIэхэм я жэуапхэр кърах, гъащIэм къащыхуэсэбэпыну Iущыгъэхэр кърагъуатэ. Хьэмид и Iуэху еплъыкIэхэм, и дуней лъагъукIэм мыхьэнэшхуэ ират критикхэми, тхыдэм елэжьхэми - ар хабжэ лъэпкъ щэнхабзэм Iулыджышхуэ щызиIэхэм. А Iулыджыр абы къилэжьыжащ и IуэхущIафэхэмкIэ.

Къэрмокъуэ Хьэмид унафэщI губзыгъэуи зэрыщытыр къыщигъэлъэгъуэну къыхуихуащ IэнатIэ зыбжанэм: 1967 - 1972 гъэхэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу щытащ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI къулыкъум илъэс пщыкIущым нэблагъэкIэ пэрытащ. А IуэхущIапIэхэр ефIакIуэ зэпыту къызэрекIуэкIар, и унафэм щIэтхэр лэжьыгъэм хузэщIигъэуIуэфу, къалэнышхуэхэр зэфIахыфу зэрыщытар жаIэж нэхъыжьхэм.

Хьэмид и къалэмыпэм къыщIэкIащ тхыгъэ гъэщIэгъуэн куэд. Абыхэм ящыщщ «ГъущI пыIэ» (1968), литературэ-критикэ тхыгъэхэр зэрытхэу «ТхакIуэмрэ зэманымрэ» (1976), «ГъащIэм и плъыфэхэр» (1989), рассказхэр, таурыхъхэр, пьесэхэр щызэхуэхьэсауэ 1997 гъэм къыдигъэкIахэр. Къэрмокъуэм кууэ зэпкърех къэбэрдей литературэм, абы и жанрхэм я щытыкIэр, хэлъ ныкъусаныгъэхэри, ахэр гъэзэкIуэжыным хуэщхьэпэнухэкIыпIэхэри егъэбелджылы. Къэрмокъуэм и творчествэм увыпIэшхуэ щеубыд ди IуэрыIуатэми - уэрэдыжьхэр, таурыхъхэр, хъыбархэр адыгэ щIэблэм яфIэмыгъэкIуэдыным и мыхьэнэр фIыуэ къыгурыIуэу ахэр итхыжащ, ихъумащ. Апхуэдэщ тхыдэр лъабжьэ зыхуищIа лэжьыгъэшхуэхэри.

И гугъу умыщIу ублэкI хъункъым Хьэмид зэдзэкIакIуэ Iэзэу зэрыщытми. Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ макъ», Короленкэ Владимир и «Шэрджэс», Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэIэта», Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ», Къандур Мухьэдин и «Кавказ» тхыгъэ цIэрыIуэхэр, ядыгэбзэкIэ ятхауэ фIэкIа умыщIэну, ди анэдэлъхубзэм кърригъэтIэсащ Къэрмокъуэм. Куэд дыдэ мэхъу абы и зэдзэкIыгъэхэр, дэтхэнэми гугъэзагъэу елэжьауэ.

Къэрмокъуэр «Адыгэ псалъэ» газетым «къыщытлъысыжар» (университет нэужьым «Ленин гъуэгу» газетым илъэс зыбжанэкIэ щылэжьат ар) пенсэм кIуа нэужьщ. Псори икъукIэ дыщыгуфIыкIат щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Хьэмид газетым къэкIуэжыну арэзы зэрыхъуам. Сыт хуэдэ упщIэкIи зыхуэгъазэ Хьэмид - жэуап зэпкърыха щыбгъуэтынут абы и деж. И чэнджэщхэри ущиехэри уасэншэт журналист ныбжьыщIэхэм я дежкIэ, и зыIыгъыкIэ къудейри, адыгэ хабзэм нэсу зэрытетри щапхъэ тхуэхъурт.

Газетым зэрыщылэжьа зэманым абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхыгъэ гъэщIэгъуэн куэд - литературэм, гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэу республикэр зэрыгушхуэхэр зэригъэлъэпIахэм къадэкIуэу, IуэрыIутэм, тхыдэм кууэ укIуэцIрызыгъэплъхэри къытехуащ «Адыгэ псалъэм» икIи ахэр щIэджыкIакIуэхэм гунэс ящыхъуащ.

И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу Къэрмокъуэм мызэмытIэу къэрал гулъыти игъуэтащ, жылагъуэми пщIэ къыщыхуащIащ. «ЩIыщIэр къэIэтыным зэрыхэтам папщIэ» медалыр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым тIэунейрэ къыхуигъэфэщащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр, «Печатым и лэжьакIуэ нэхъыфI» дамыгъэр, саугъэт лъапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кърататащ, «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

ФIыщIэ жыг зыхуэфащэ жыхуаIэхэм хуэдэщ Къэрмокъуэ Хьэмид. Апхуэдэ пщIэ щIыхуэтщIыпхъэ лэжьыгъэшхуэ хулъэкIащ зи ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъур мыгувэу зыхуэдгъэлъэпIэну нэхъыжьыфIым. Ди гуапэщ узыншэу иджыри илъэс куэдкIэ и унагъуэм, лъэпкъым тхуэпсэуну.

## ЩIалэгъуалэм я щIэгъэкъуэн Хьэх Сэфарбий

**ТхакIуэ Хьэх Сэфарбий и Iэдакъэм къыщIэкIа тхыгъэхэм хуэдэу си гум, си псэм ехуэбылIэ куэд срихьэлIауэ сщIэжыркъым.**



ХЬЭХЫР 1938 гъэм Аушыджэр (Дыгъужьыкъуэй) къуажэм къыщалъхуащ. И адэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдат, и анэр ныкъуэдыкъуэт (и лъэр къыщIэувэжыртэкъым), къуэш нэхъыжьи шыпхъуи иIэтэкъым. Илъэс зыбгъупщI ныбжьым иту абы и пщэ къыдэхуащ и щхьэ ипIыжын къудей мыхъуу, унагъуэр зэрыщыту зыхуей хуигъэзэну. Апхуэдэу сабийуэ щIидзэри, унагъуэм и гъэпсэуным пыщIа Iуэху псори игъэзэщIащ. Ари балигъым и щхьэр щыхуэмыгъэпсэуж зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъуж.

Аушыджэр къуажэр кIыхьщ. КъуажэкIэ дыдэт Сэфарбий щыпсэур, итIани къуажапщэм нэс кIуэурэ еджащ Сэфарбий, Iуэху куэдым закъыщIидзэурэ.

Гугъуехьым цIыхур еукI е епсыхь. Сэфарбий ипсыхьащ, бжьэм хуэдэу лажьэу, бэшэчу иригъэсащ. А зэрылажьэм хуэдэурэ къуажэ школыр къиухри, Мэзкуу Горькэм и цIэр зэрихьэу дэт Литературэ институтри кIэлъигъэкIуэжащ. Абы фIэкIа Iуэху зимыIэу еджахэм закъыкIэригъэхуакъым еджэнкIи, а зэджар къигъэсэбэпыжынымкIи.

Куэд зи нэгу щIэкIам куэди ещIэ, куэд зыщIэм иIуэтэжыни иIэщ. Мис а и нэгу щIэкIа псор абы иIуэтэжыну хуейт. Зы цIыху-цIыхуитIым зэхахыу мыхъуу, куэд щыгъуазэ ищIыну и мурадт. Арауэ пIэрэ литературэм зыщIритари? А псоми емыгупсысагъэнкIэ хъунщ Сэфарбий ебланэ классым щIэсу и усэхэр, тхыгъэхэр газетхэм ихьу щыщIидзам. Езым и нэгу щIэкIам, и фэм дэкIам теухуащ итха усэхэр, поэмэхэр, рассказхэр, повестхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, и сабиигъуэм щыщ Iыхьэхэр къызыхэщыж «Пщэдджыжьыпэ щыIэ» повестыр, усэ, рассказ куэдыр.

ЩIэныгъэрылажьэм и пщэ къыдэхуэнкIэ хъуну нэхъ IэнатIэ гугъу дыдэри натIэ къыхуищIат Сэфарбий зыхуеджа IэщIагъэм. Илъэс куэдкIэ щылэжьащ адыгэбзэкIэ республикэм къыщыдэкI газет закъуэм. ЯпэщIыкIэ корреспонденту щытащ, иужькIэ - щэнхабзэмкIэ къудамэм и унафэщIу. Газетыр радиоми, телевиденэми, журналми ещхькъым - махуэ къэс щIэщIауэ умылажьэмэ, упэлъэщынукъым. Дэни къих - зэрыбжкIэ тедзауэ махуэ къэс тхылъымпIэ напэ зыбжанэ птхын хуейщ газетыр къыдэкIын щхьэкIэ. Хэти щыгъуазэу къыщIэкIынщ: ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэбзэкIэ шэрыуэу тхэф адыгэр мащIэщ. Псори зэгъэзэхуэжын хуейщ, щIэрыщIэу ятхыжри мащIэкъым. ЗэрыцIыкIурэ тхэ Сэфарбий псалъэр зыхищIэрт, ищIэрт тхэным и тэмэмыпIэри, и лэжьыгъэм дэбгъуэн щымыIэу ехъулIащ.

Сэфарбий республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъ иIэщ, КъБР-м и Журналистхэм я союзми апхуэдэ тхылъ къритащ.

Журналист лэжьыгъэм дигъакIуэу, Хьэхым зылI ищIэн щищIащ адыгэ литературэми. Ар жанр зэмылIэужьыгъуэ куэдым щолажьэ - усэхэр, поэмэхэр, рассказхэр, повестхэр, эссехэр, публицистикэ лэжьыгъэхэр етх. Сэфарбий и усэхэм композиторхэм макъамэ щIалъхьауэ уэрэд зыбжани щыIэщ. Ар сабийхэми яхуотхэ. ЦIыкIухэм фIыуэ ялъэгъуащ усэхэр щызэхуэхьэса «ПсыIэрышэ» тхылъыр, сабий рассказхэр зэрыт «Дадэкъуапэр», нэгъуэщIхэри.

УФ-м и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм хэт Хьэх Сэфарбий и прозэ тхылъхэу «Толъкъун Iэсэ», «Махуэм дунейр и кIыхьагъщ», «Си хъуреягъкIэ» зыфIищахэм художественнэ критикэм пщIэшхуэ щагъуэтащ. ЩIалэгъуалэм ягу ирохь лъагъуныгъэм теухуа «ЩIымахуэ мэракIуэ» повестыр... Абы и закъуэкъым. Хьэхым иджырей ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ гъащIэм хуэзыгъасэ нэгъуэщI тхыгъэхэри и мащIэкъым. Арауэ къыщIэкIынщ абы и усэхэр, рассказхэр школ программэхэм куэду щIыхагъэхьари.

Щхьэхуэу утепсэлъыхь хъунущ Хьэхыр тхэн щIэзыдзэ щIалэгъуалэм зэрадэлажьэм. Иужьрей илъэс зыбгъупщI-пщыкIутхум адыгэ литературэми журналистикэми зы цIыхуи къыхыхьауэ къыщIэкIынкъым Хьэх Сэфарбий и чэнджэщ, ущие псалъэ зэхэзымыха. Хьэхым иригъэкIуэкIыу щыта «Шыхулъагъуэ» литературэ зэхыхьэхэр тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм еджапIэ яхуэхъуауэ жыпIэ хъунущ...

ТхакIуэ лэжьыгъэм нэгъуэщI Iуэху димыщIыкIыу тIысу хуиту тхэну зэи хущIыхьэгъуи Iэмали иIакъым Сэфарбий. «Зы бэлыхь стхыфынуми сщIэркъым, зэман згъуэту схузэфIэкIынум сеплъыжащэрэт, си нэ къыхуокI!» - жеIэ гушыIэурэ абы.

Печатым и IэнатIэм щиIэ фIыщIэхэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Хьэх Сэфарбий «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Илъэс 40-м нэблагъэкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым щылэжьауэ Сэфарбий пенсэм кIуащ, ауэ мытIысыжу щылэжьащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым, лъэпкъ тхакIуэхэм, усакIуэхэм яфI къызыхэкIын Iуэхухэр зэфIигъэкIыу.

**СОМГЪУР ХьэзрэIил.**

## ЦIыху хьэрэмыгъэншэ Багъэтыр Аркадий

**«...Къеджар диктор Багъэтыр Аркадийщ». Псы куэд ежэхащ абы лъандэрэ, Аркадий радиом зэрыщымылэжьэжри илъэс Iэджэ щIащ. Ауэ шэрыуэу, зэгъэкIуауэ къэпсалъэ Багъэтырым и макъыр ди нэхъыжьхэм я тхьэкIумэм итщ, нобэ зэхахам хуэдэу.**



А ЛIЫ зэкIужыр республикэм фIыуэ къыщацIыху жыпIэкIэ ущыуэнукъым, къызэрацIыхур диктору, журналисту зэрылэжьа къудейркъым, атIэ и цIыхугъэрщ, и гуапагъэрщ, и лэжьыгъэрщ, хэти зырызищIигъэкъуэфырщ. «Абы и гъусэу тIасхъэщIэх укIуэ хъунущ», - жыхуаIэхэм хуэдэщ Багъэтыр Аркадий.

Зауэ нэужь зэманым, Курп Ищхъэрэ къуажэм щызэфIагъэувэжа курыт еджапIэр къиухри, ар щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым икIи абы и тхыдэ-филологие факультетыр 1962 гъэм къиухащ. А гъэ дыдэм къыщыщIэдзауэ илъэс 12-кIэ радиом и диктору, Шэджэм районым къыщыдэкI «Красное знамя» газетым, иужькIэ илъэс тIощIым щIигъукIэ «Адыгэ псалъэ» газетым щылэжьащ.

Дагъуэ зыхуримыгъэщIу и къалэнхэр сыт щыгъуи зэфIэзыгъэкIыу, зыхэтхэм фIыуэ къалъагъуу къекIуэкIа Багъэтырыр 2000 гъэм пенсэм кIуауэ зегъэпсэху. Ар и унагъуэкIи цIыху зэхъуапсэм хуэдэщ. Абырэ и щхьэгъусэ Саирэтрэ бынищ зэдапIащ. Псоми щIэныгъэ, IэщIагъэ ирагъэгъуэтащ, унагъуэ дахэ хъуаи мэпсэу.

Аркадий къыдэлэжьахэм абы теухуа я гукъэкIыжхэу нэхъ пасэу тхыжауэ щытахэм нэхъыфIу къыхощ и цIыху щIыкIэр:

**Бекъул Токъан**, *«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу лэжьа:*

- Аркадийрэ сэрэ Шэджэм район газетым илъэс куэдкIэ дыщызэгъусащ, «Адыгэ псалъэми» дыщызэдэлэжьащ. Абы и закъуэкъым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетми дыщызэдеджащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, 1957 гъэ лъандэрэ Багъэтырыр си цIыхугъэщи, зэи псалъэ Iей зэтпэсакъым, ди жагъуэ щызэрыщIа къэхъуакъым, сыт хуэдэ къалэн и пщэ иумылъхьами, ар имыгъэзэщIауэ етIысэхынутэкъым.

**Мырзэкъан Суфян**, *редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьа, зэдзэкIакIуэу щыта, Аркадий и гъусэу зы пэшым щIэса:*

- Аркадий хабзэ, нэмыс, цIыхугъэ зыхэлъщ, зэпIэзэрытщ, зэзэмызэ мызахуэхэр я пIэ иригъэтIысхьэжми. Аращ Багъэтырыр фIыуэ щIалъагъури, пщIэ къыщIыхуащIри. Куэд щIащ сэ ар зэрысцIыхури, абы и хьэл-щэным хэбдзынIауэ гу лъыстакъым, цIыху нэсщ.

**ТхакIуэ**, **драматург Журт Биберди** *и ныбжьэгъуфIу щытащ Аркадий. Зэгуэрым ар мыпхуэдэу дэгушыIат Багъэтырым:* - Куэдрэ сигу къокIыж мыр. Абы щыгъуэ Аркадий «Ленин гъуэгу» газетым, сэ радиом дыщылажьэрт. Сытми, а зэманым Журналистхэм я союзым и лотерее билет ягъэджэгурти, сэ сIыгъахэмрэ таблицэмрэ сызэхуеплъат, ауэ зыри къахьатэкъым. Билет згъэджэгуахэри хыфIэзмыдзэжауэ си жыпым илът. Зэгуэрым ахъшэ хъумапIэм сыблэкIыу Аркадий чэзум хэту къэслъэгъуащ. СщIэркъым абы сыдэгушыIэну сигу къыщIэкIар.

«Аркадий, - жесIащ абы сыбгъэдыхьэри, - мы билетитIым сом щырыщ къахьащ, ауэ сыпэплъэну зэман сиIэкъыми, къысхуеIых».

- «Сыт щхьэкIэ къеIызмыхыу, - къыпыгуфIыкIащ си ныбжьэгъур. - Мэ, сомихыр къащтэ, сэ къеIысхыжынщ...»

Сэ зысхъунщIа щхьэкIэ, Аркадий сомихыр си жыпым кърикуэри сыкъыIукIыжащ. Ауэ зыкъезмыгъэлъагъуу езым сеплъэкIуащ. Багъэтырым и чэзур къэсри, кассэм исым билетитIыр хуишиящ, ахъшэ кърятыным щыгугъыу. АрщхьэкIэ, къэзымыхьахэм щхьэкIэ къритынт?! ЦIыхубзым ахэр къегъэкIуатэ, мыдрейм егъэкIуэтэж. Зыкъомрэ зэныкъуэкъуа иужь, си ныбжьэгъум къыгурыIуащ сызэрыдэгушыIар. АпхуэдизкIэ цIыхуфIщ, хьэрэмыгъэншэщи, дыхьэшхри ежьэжащ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ**.

